

Kowonaviris (COVID-19) afekte mwen, èske mwen kalifye pou avantaj yo?

Anpil moun COVID-19 la frappe kalifye pou yo jwenn avantaj pou ede yo achte pwovizyon, jwenn swen sante oswa jwenn sipò finansye. Gade pou ki sipò ou ka kalifye nan paj ki vini annapre yo. Pou kèk avantaj, gen lòt faktè ki ka afekte kalifikasyon ou (pa egzanp, gwosès oswa sityasyon ak imigrasyon).

Avantaj ki disponib pou anpil granmoun



Asirans Sante

Medicaid

Ou ka kalifye pou Medicaid si:

- Ou genyen ant 19 rive 64 lane **epi**
- Ou selibatè epi ou pa gen pitit epi ou gen yon revni nan kay ki mwens pase \$1,467 chak mwa oswa \$17,609 chak ane
- Ou nan yon kay ki gen de (2) moun ki gen yon revni ki mwens pase \$1,982 chak mwa oswa \$23,792 chak ane
- Ou nan yon kay ki gen kat (4) moun ki gen yon revni ki mwens pase \$3,013 chak mwa oswa \$36,156 chak ane

Aplike pou Medicaid sou [sitwèb NY State of Health](#) la oswa jwenn èd atravè [GetCoveredNYC](#). Si ou gen 65 lane oswa plis, ou avèg, oswa ou gen yon andikap, rele HRA nan 1-888-692-6116 pou ou mande enfòmasyon sou Medicaid.

NY State of Health

Ou ka kalifye pou NY State of Health si:

- Ou genyen ant 19 rive 64 lane **epi**
- Ou selibatè epi ou pa gen pitit epi ou gen yon revni nan kay ki mwens pase \$4,253 chak mwa oswa \$51,040 chak ane
- Ou nan yon kay ki gen de (2) moun ki gen yon revni ki mwens pase \$5,746 chak mwa oswa \$68,960 chak ane
- Ou nan yon kay ki gen kat (4) moun ki gen yon revni ki mwens pase \$8,733 chak mwa oswa \$104,800 chak ane

Gade opsyon ou genyen yo epi aplike sou [sitwèb NY State of Health](#) la.

Asirans sante pou timoun yo

Timoun yo ka kalifye pou avantaj asirans sante yo si revni nan kay yo ye a pi plis pase sa ki endike pi wo a pou granmoun yo.

Gade opsyon ou genyen yo epi aplike sou [sitwèb NY State of Health](#) la.



Koupon pou manje (SNAP) pou ede achte pwovizyon

Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) bay fanmi ki nan bezwen yo lajan pou ede yo achte manje ki bon pou lasante. Ou ka kalifye pou SNAP si:

- Ou selibatè epi ou pa gen pitit epi ou gen yon revni nan kay ki mwens pase \$1,354 chak mwa oswa \$16,248 chak ane
- Ou nan yon kay ki gen de (2) moun ki gen yon revni ki mwens pase \$1,832 chak mwa oswa \$21,984 chak ane
- Ou nan yon kay ki gen kat (4) moun ki gen yon revni ki mwens pase : \$2,790 chak mwa oswa \$33,480 chak ane

Aplike pou SNAP sou entènèt nan [ACCESS HRA](#).

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sipò ki disponib la, ale sou [paj Dènye Nouvèl sou Kowonaviris \(COVID-19\)](#)



Haitian Creole

AVÈTISMAN: Enfòmasyon yo bay nan dokiman sa a se pa konsèy jiridik. Tout enfòmasyon ki disponib nan dokiman sa a se enfòmasyon jeneral yo ye sèlman. Li posib pou enfòmasyon ki nan dokiman sa a pa ajou. Pou jwenn konsèy jiridik, ou ta dwe kontakte yon avoka pou evalye sityasyon ou an.

**PAJ
1 nan 4**

Kowonaviris (COVID-19) afekte mwen, èske mwen kalifye pou avantaj yo?

Anpil moun COVID-19 la frape kalifye pou yo jwenn avantaj pou ede yo achte pwovizyon, jwenn swen sante oswa jwenn sipò finansye. Gade pou ki sipò ou ka kalifye nan paj ki vini annapre yo. Pou kèk avantaj, gen lòt faktè ki ka afekte kalifikasyon ou (pa egzanp, gwosès oswa sitiyaasyon ak imigrasyon).

Avantaj yo disponib pou Travayè Endepandan yo



Konje peye oswa san peye

Si ou malad oswa ou ap pran swen fanmi ou

Selon lwa federal la, si ou se yon travayè endepandan, ou ka gen dwa pou jwenn kredi taks pou konje ki gen pou wè ak COVID-19. Ou ka kalifye si:

- Ou pa kapab travay ni travay adistans paske gouvènman an pase ou lòd pou ou an karantèn oswa yon pwofesyonèl swen sante konseye ou pou ou an karantèn
- Ou pa kapab travay paske ou ap pran swen yonn fanmi ki an karantèn gouvènman an òdone oswa yon pwofesyonèl swen sante konseye
- Ou gen sentòm COVID-19 la epi ou ap chèche yon dyagnostik medikal
- Ou ap pran swen yon timoun ki gen lekòl li ki fèmèn oswa ki gen gadri li ki pa disponib

Jwenn plis enfòmasyon sou [Konje Maladi pou travayè endepandan yo](#)



Peman si ou pèdi travay ou

Si ou ap travay mwens èdtan, ou te gen yon travay planifye ki anile, oswa yo voye ou al chita lakay ou akòz COVID-19

Asistans Chomaj pandan Pandemi

Asistans Chomaj pandan Pandemi (Pandemic Unemployment Assistance, PUA) bay travayè ki nòmalman pa t ap kalifye pou Asirans Chomaj yo yon revni tanporè, menm si ou pa nòmalman kalifye antanke yon Kontraktè Endepandan. Ou ka kalifye si ou pa anmezi pou ou travay akòz pandemi kowonaviris la.

Aplike sou entènèt sou sitwèb Depatman Travay New York (NY Department of Labor) la, epi sistèm lan pral detèmine si ou kalifye pou UI oswa PUA.

Konpansasyon Chomaj pandan Pandemi

Konpansasyon Chomaj Annijans pandan Pandemi (Pandemic Emergency Unemployment Compensation, PEUC) bay yon \$600 anplis pa semèn mete sou alokasyon chomaj abityèl chak semèn yo. Si ou kalifye pou UI oswa PUA, ou pral tou resevwa peman PEUC anplis lan.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sipò ki disponib la, ale sou [paj Dènye Nouvèl sou Kowonaviris \(COVID-19\)](#)



Haitian Creole

AVÈTISMAN: Enfòmasyon yo bay nan dokiman sa a se pa konsèy jiridik. Tout enfòmasyon ki disponib nan dokiman sa a se enfòmasyon jeneral yo ye sèlman. Li posib pou enfòmasyon ki nan dokiman sa a pa ajou. Pou jwenn konsèy jiridik, ou ta dwe kontakte yon avoka pou evalye sitiyaasyon ou an.

PAJ
2 nan 4

Kowonaviris (COVID-19) afekte mwen, èske mwen kalifye pou avantaj yo?

Anpil moun COVID-19 la frape kalifye pou yo jwenn avantaj pou ede yo achte pwovizyon, jwenn swen sante oswa jwenn sipò finansye. Gade pou ki sipò ou ka kalifye nan paj ki vini annapre yo. Pou kèk avantaj, gen lòt faktè ki ka afekte kalifikasyon ou (pa egzanp, gwosès oswa sitiyaasyon ak imigrasyon).

Avantaj yo disponib pou Anplwaye yo



Konje peye oswa san peye

Si ou malad oswa ou ap pran swen fanmi ou

Konje Maladi Federal ak Konje Familyal

Si patwon ou an gen mwens pase 500 anplwaye, ou ka kalifye pou:

- **Konje maladi ki peye (peman konplè)** si ou pa kapab travay akòz yon karantèn gouvènman an òdone oswa yon pwofesyonèl swen sante konseye, oswa ou malad ak sentòm COVID-19 yo epi ou ap chèche yon dyagnostik medikal.
- **Konje maladi ki peye (detyè peman an)** si ou pa kapab travay paske ou bezwen pran swen yon moun ki an karantèn akòz yon lòd gouvènman an oswa konsèy yon pwofesyonèl swen sante
- **Jiska 10 semèn anplis pou pwolonjman konje familyal ak konje maladi ki peye (detyè peman)** pou ou pran swen yon timoun ki gen lekòl oswa gadri li ki fèmen oswa ki pa disponib pou rezon ki gen pou wè ak COVID-19

Patwon ki kalifye yo dwe ba ou konje sa a, epi ou pa bezwen aplike. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [sitwèb Depatman Travay Etazini an](#).

Konje Maladi nan Eta a

Konje Maladi ak Konje Familyal nan Eta New York bay konje anplis peye oswa san peye (selon kantite anplwaye patwon ou an genyen). Ou ka kalifye si ou pa vin travay akòz:

- Lòd pou izolman oswa pou karantèn gouvènman an oswa yon pwofesyonèl swen sante pase ou
- Ou ap pran swen yon fanmi COVID-19 la afekte

Patwon ki kalifye yo dwe ba ou konje sa a, epi ou pa bezwen aplike. Jwenn plis enfòmasyon nan [Depatman Travay Eta New York](#).

Konje Maladi nan Vil New York

Konje Sekirite ak Konje Maladi nan Vil New York gen ladan jiska 40 èdtan konje maladi peye oswa san peye (selon kantite anplwaye patwon ou an genyen) pou anplwaye Vil New York yo. Ou ka kalifye:

- Si ou travay pou yon patwon pandan 120 jou oswa plis
- Kèlkeswa sitiyaasyon ou ak imigrasyon

Patwon ki kalifye yo dwe ba ou konje sa a, epi ou pa bezwen aplike. Jwenn plis enfòmasyon nan [Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè \(Department of Consumer ak Worker Protection\)](#).

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sipò ki disponib la, ale sou [paj Dènye Nouvèl sou Kowonaviris \(COVID-19\)](#)



Haitian Creole

AVÈTISMAN: Enfòmasyon yo bay nan dokiman sa a se pa konsèy jiridik. Tout enfòmasyon ki disponib nan dokiman sa a se enfòmasyon jeneral yo ye sèlman. Li posib pou enfòmasyon ki nan dokiman sa a pa ajou. Pou jwenn konsèy jiridik, ou ta dwe kontakte yon avoka pou evalye sitiyaasyon ou an.

PAJ
3 nan 4

Kowonaviris (COVID-19) afekte mwèn, èske mwèn kalifye pou avantaj yo?

Anpil moun COVID-19 la frape kalifye pou yo jwenn avantaj pou ede yo achte pwovizyon, jwenn swen sante oswa jwenn sipò finansye. Gade pou ki sipò ou ka kalifye nan paj ki vini annapre yo. Pou kèk avantaj, gen lòt faktè ki ka afekte kalifikasyon ou (pa egzanp, gwosès oswa sitiyaasyon ak imigrasyon).

Avantaj yo disponib pou Anplwaye yo



Peman si ou pèdi travay ou

Si ou ap travay mwens èdtan, ou te gen yon travay planifye ki anile, oswa yo voye ou al chita lakay ou akòz COVID-19

Asistans Chomaj pandan Pandemi

Asistans Chomaj pandan Pandemi (Pandemic Unemployment Assistance, PUA) bay travayè ki nòmalmman pa t ap kalifye pou Asirans Chomaj yon revni tanporè, menm si ou pa nòmalmman kalifye antanke yon Kontraktè Endepandan. Ou ka kalifye si ou pa anmezi pou ou travay akòz pandemi kowonaviris la.

Aplike sou entènèt sou sitwèb Depatman Travay New York (NY Department of Labor) la, epi sistèm lan pral detèmine si ou kalifye pou UI oswa PUA.

Konpansasyon Chomaj pandan Pandemi

Konpansasyon Chomaj Annijans pandan Pandemi (Pandemic Emergency Unemployment Compensation, PEUC) bay yon \$600 anplis pa semèn mete sou alokasyon chomaj abityèl chak semèn yo. Si ou kalifye pou UI oswa PUA, ou pral tou resewva peman PEUC anplis lan.



Èd si ou te tonbe malad avèk COVID-19 la nan travay la

Si ou vin malad avèk COVID-19 la akòz travay ou a, ou ka kalifye pou avantaj lajan kach, swen medikal, oswa toude atravè Asirans Dedomajman pou Aksidan nan Travay.

Aplike sou entènèt atravè [Konsèy Asirans Dedomajman pou Aksidan nan Travay](#) la.



Èd si ou te tonbe malad avèk COVID-19 deyò travay la, ou gen yon andikap, epi ou pa kapab travay

Si ou vin malad grav avèk COVID-19 deyò travay la epi ou gen yon andikap ki anpeche ou travay, ou ka kalifye pou Avantaj pou Andikap.

Aplike pou li sou entènèt sou [sit entènèt NY State](#) la.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sipò ki disponib la, ale sou [paj Dènye Nouvèl sou Kowonaviris \(COVID-19\)](#)



Haitian Creole

AVÈTISMAN: Enfòmasyon yo bay nan dokiman sa a se pa konsèy jiridik. Tout enfòmasyon ki disponib nan dokiman sa a se enfòmasyon jeneral yo ye sèlman. Li posib pou enfòmasyon ki nan dokiman sa a pa ajou. Pou jwenn konsèy jiridik, ou ta dwe kontakte yon avoka pou evalye sitiyaasyon ou an.

PAJ
4 nan 4